

# Pare jan **Kwa-Wouj** mande a

## Lis kontwòl sekirite pou tònad

Yon tònad se yon kolòn van k ap vire a atout vitès ki kòmanse nan baz yon loraj epi ki plonje desann touche atè. Fòs tònad yo klase sou Lechèl Fujita avèk yon klasman ki kòmanse pa F0 (pi fèb) rive F5 (pi fò a). Yon kapab detwi nèt batiman ki byen konstwi, derasine pye bwa e voye objè vire anlè tankou misil ki kapab tiye moun. Atout gwo tònad yo pi frekan nan Eta Laplèn yo, yo rapòte tònad frape nan tout Eta yo

### Aprann diferans ki genyen yo

#### Siveyans Tònad

Se posib pou yon tònad deklare nan zòn siveyans la oswa toupre. Analize e diskite plan dijans ou yo e kontwòle rezèv ravitayman ou yo ansanm ak pyès kote w ap jwenn pwoteksyon an. Pare kò w pou w ajè rapidman si yo bay yon avètisman oswa ou sispèk yon tònad pral pase. Lè moun ajè vit, li ede pou sove lavi moun !

#### Avètisman tònad

Yo detekte yon tònad oswa rada lameteyo detekte youn. Avètisman pou tònad fè konnen gen yon danje imedya pou lavi moun ak byen e pwopriyete yo. Desann san pèdi tan nan yon kav (bezment), yon kav pou tanpèt oswa kache nan yon pyès ki nan mitan kay la (yon pandri, yon koulwa oswa nan yon twalèt).

### Kisa mwen ta dwe fè pou mwen pou yon tònad ?



- Depi gen yon tanpèt, koute nouvell lokal yo oswa yon pòs Radyo Lameteyo NOAA pou w konnen si yo anonse siveyans ak avètisman.
- Pran enfòmasyon konsènan sistèm avètisman kominote w. Kominote yo gen divès fason pou yo avèti rezidan yo osijè tònad, anpil ladon yo genyen siren pou bay avètisman piblik deyò.
- Chwazi yon pyès ki san danje lakay ou pou tout manm nan fanmi w ak bèt yo kapab rasanble pandan yon tònad. Se pou pyès sa a se yon bezment (sousòl), yon kav oswa yon pyès ki nan mitan kay la, nan etaj ki pi ba a eki pa gen fenèt.
- Tanzantan pratike egzèsis pwoteksyon kont tònad yon fason pou tout moun konnen sa pou yo fè si yon tònad ap apwoche.
- Wè si w pa kapab ranfòse yon pyès nan mitan kay pou l kaba bay pibon pwoteksyon. Ou kapab jwenn plan pou ranfòse yon pyès nan mitan kay la pou l bay pibonpwoteksyon sou wèbsayt FEMA a nan <http://www.fema.gov/plan/prevent/rms/rmsp453.shtm>.
- Fè preparasyon an previzyon gwo van, koupebranch pye bwa yo ki malad oswa ki kase.
- Deplase oswa pwoteje mèb jaden yo, poubè, plant ki kwoke oswa nenpòt lòt bagay van an kapab ranmase pou fè yo tounen yon pwojekttil.
- Siveye siy ki anonse danje yon tònad ap pwoche :
  - Niyaj nwa, ase souvan yon konn gen yon koulè vèt tou-se yon fenomèn lagrèl pwovoque
  - Miray niyaj-yon mouvman desant izole baz loraj la
  - Niyaj debri
  - Gwo mose lagrèl
  - Niyaj ki gen fòm yon antonwa (yon tinèl)-aniyaj ki fòm bazloraj la vizibleman ap ogmante pandan l ap vire
  - Gwo bri tankou yon bèt k ap gronde

### Kisa mwen ta dwe fè si yon tònad ap menase ?



- Pibon kote pou w rete se nan yon abri anbatè, yon besment oswa yon pyès ranfòse nan mitan kay la.
- Si w pa gen abri anba tè oswa yon pyès ranfòse nan mitan kay la, yon ti pyès nan mitan kay la ki san fenèt oswa yon koulwa ki sou etaj ki pi ba a nan yon bilding solid se solisyon an ki konpòte mwens risk.
  - Woulòt (mobile homes) pa ofri sekirite panda tònad oswa lè gen gwo van.
  - Pa abrite w nan koulwa oswa nan twalèt yon woulòt.
  - Si w kapab jwenn aksè nan yon abriki solid oswa nan yon veyikil, kite woulòt ou touswit.
  - Ale nan bilding solid la ki pi pre w oswa nan yon abri touswit, e mete senti sekirite w si w ap kondwi.
  - Pa tann jis lè ou wè tònad la apwoche.
- Si tònad la bare w pandan ou deyò, ale nan yon abri ki nan yon bezment yon kay, yon abri oswa yon bilding ki solid. Si w pa kapab mache rapidman pou ale nan yon abri :
  - Monte nan yon machin touswit, mete senti sekirite w e eseye kondwi nan abri ki solid ki pi pre w la.
  - Si gen gwo van ak debri k ap vole pandan w ap kondwi, mete w sou kote e pake machin la. Koulye a men ki opsyon ou genyen an dènye rekou:
    - Rete nan machin la e mete senti sekirite a sou w. Mete tèt ou nan yon pozisyon ki pi ba pase fenèt yo, kouvri tèt ou avèk men ou e avèk yon kouvèti, si sa posib.
    - Si w kapab mete kò w san danje nan yon kote ki pi ba anpil pase nivo wout la, sòti machin ou e kouche nan kote sa a, kouvri tèt ou avèk men ou.
    - Ou ta dwe deside sa pou w fè selonSikonstans espesifik ou yo.

### Kisa pou m fè apre yon tònad ?



- Kontinye koute nouvell lokal yo oswa pòs Radyo Lameteyo NOAA pou konnen ijans resan ak enstriksyon.
- Si w pa lakay ou, pa tounen anvan otorite yo te ba w otorizasyon.
- Mete pantalon long, chemiz avèk manch ki long ak soulye ki solid lè w ap egzamine mi, pòt, eskalye ak fenèt lakay ou pou wè si yo te sibi domaj.
- Kontwòle si gen kab elektrik ki tonbe oswa tiyo gaz ki koupe e enfòmè konapayi ki founi sèvis sa yo san pèdi tan.
- Rete andeyò bilding ki sibi domaj.
- Sèvi ak flach ki mache avèk pil lè w ap egzamine bilding yo-PA sèvi ak bouji
- Si w pran yon sant gaz oubyen yon bri tankou yon siflèt, louvri yon fenèt e fè tout moun sòti nan bilding la rapidman e rele konpayi gaz la oswa depatman ponpye yo
- Pran foto dega yo, domaj bilding lan limenm ak sa ki anndan bilding la, pou kapab voye konpayi asirans lan demann dedomajman an.
- Sèvi ak telefòn la sèlman pou rele pou yon ijans.
- Kenbe tout bèt yo anba kontwòl ou
- Netwaye touswit tout medikaman ki tonbe, blitch (javèl), gazolin oswa lòt likid ki kapab pran dife fasil.
- Kontwòle si gen moun ki blese. Si w te resevwa yon fòmasyon, bay moun ki bezwen asistans premye swen yo pandan l ap tann pou sèvis medikal dijans yo rive.

### Kite fanmi w konnen ou pa an danje

Si kominote w te sibi yon tònad, oswa kèlkeswa dezaz la, enskri tèt ou nan sit Wèb Kwa-Wouj Ameriken An sekirite e anfòm ki disponib gras a [RedCross.org/SafeandWell](http://RedCross.org/SafeandWell) pou kite fanmi wak zanmi w konnen kijan ou ye. Si w pa gen aksè nan Entènèt, rele **1-866-GET-INFO** pou kapab enskri w oumenm ansanm ak fanmi w.